**दिन–बुधवार** **दिनांक–09.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार लोकसभ मे खून आ पोषक तत्वक कमी के दूर करबाक लेल सूक्ष्म पोषक तत्वबला चाउरक आपूर्ति के मंजूरी दऽ देलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे आइ मंत्रिमंडलक बैसक मे ई निर्णय लेल गेल। केन्द्रीय सूचना आओर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे ई समावेशी विकास आ पोषण सुरक्षाक लेल उठाओल गेल पैघ डेग अछि। एहि योजना पर सतरह हजार करोड़ टाका सँ बेसी के लागत आओत।

---

भारतीय रिजर्व बैंक लगातार दसम बेर ब्याज दर मे कोनो बदलाव नहि करबाक निर्णय कयलक अछि। रेपो दर के छओ दशमलव पाँच प्रतिशत पर बरकरार राखल गेल अछि। एहि फैसला सँ लोन महग नहि होयत आ ईएमआई सेहो नहि बढ़त। आरबीआईक गवर्नर शक्तिकांत दास मौद्रिक नीति समितिक बैसक के बाद ई जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे चालू वित्तीय वर्ष मे आर्थिक वृद्धि दर सात दशमलव दू प्रतिशत रहबाक अनुमान अछि। ओतहि, खुदरा मुद्रास्फिति दर चारि दशमलव पाँच प्रतिशत रहबाक अनुमान बरकरार राखल गेल अछि।

---

पंचायती राज विभागक मंत्री केदार प्रसाद गुप्ता कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री ग्रामीण सोलर लाईट योजनाक तहत एखन धरि तीन लाख पैंसठ हजार सँ बेसी सोलर लाईट लगायल जा चुकल अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे चालू वित्तीय वर्ष मे आठ लाख छिहत्तरि हजार दू सय दस सोलर लाईट लगयबाक लक्ष्य अछि। श्री गुप्ता जनौलनि जे सोलर लाईटक निगरानी आ रख–रखावक लेल केन्द्रीयकृत अनुश्रवण व्यवस्थाक विकास कयल जा रहल अछि। एहि के तहत सभ सोलर लाईटक स्थिति सँ

सम्बन्धित जनतब एक क्लिक पर उपलब्ध रहत। ओ जनौलनि जे एखन धरि एक हजार चारि सय अस्सी ग्राम पंचायत सभ मे पंचायत सरकार भवनक निर्माण कयल जा चुकल अछि आओर सात सय तिरसठ पंचायत भवन निर्माणाधिन अछि। श्री गुप्ता जनौलनि जे ग्राम कचहरी सभ मे ई–कोर्ट मैनेजमेंट सिस्टम लागू कयल जायत। एहि लेल सरपंच, उप सरपंच, न्यायमित्र आ सचिव कैँ प्रशिक्षण देल जायत।

———————————————————————————

बेगूसराय, भागलपुर आ मुजफ्फरपुर मे सय–सय बेडक कर्मचारी राज्य बीमा निगम, ईएसआईसी अस्पताल बनायल जायत। श्रम संसाधन विभागक सचिव दिपक आनन्द जनौलनि जे राज्य सरकार कर्मचारी राज्य बीमा अधिनियमक तहत बिहार कर्मचारी राज्य बीमा सोसाईटीक गठन के स्वीकृति देलनि अछि। ओ जनौलनि जे राज्य सरकार ईएसआईसी अस्पतालक निर्माणक लेल जमीन सेहो उपलब्ध करा देलनि अछि।

———————————————————————————

विश्वविद्यालय अनुदान आयोगक दूर शिक्षा परिषद नालंदा खुला विश्वविद्यालय के शैक्षणिक सत्र, दू हजार चौबीस–पचीस मे नामांकनक लेल मान्यता दऽ देलनि। परिषद विश्वविद्यालय के सत्रह विभिन्न पाठ्यक्रम सभ मे नामांकनक अनुमति देलनि अछि। एनओयूक कुलपति प्रोफेसर संजय कुमार ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे विश्वविद्यालय मे पन्द्रह अक्टूबर सँ नामांकनक प्रक्रिया शुरू भऽ जायत।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार निक्षय पोषण योजनाक तहत टीबी मरीज सभ कैँ मिलैबला सहायता राशि के दूगुना कऽ देलनि अछि। योजनाक तहत आब मरीज सभ कैँ एक हजार टाका के राशि प्रतिमाह देल जायत। राष्ट्रीय स्वास्थ्य मिशनक अपर सचिव आ मिशन निदेशक अराधना पटनायक द्वारा एहि सम्बन्ध मे पत्र निर्गत कयल गेल।

———————————————————————————

विश्व स्वास्थ्य संगठन–डब्ल्यूएचओ घोषणा कयलक अछि जे भारत आँखिक संक्रामक रोग ट्रैकोमा सँ मुक्त भऽ गेल अछि। एहि संग भारत ई उपलब्धि हासिल करयबला दक्षिण–पूर्व एशिया क्षेत्रक तेसर देश बनि गेल अछि।

———————————————————————————

जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सदस्य संजय झा कहलनि अछि जे, विमानन कंपनी इंडिगो शीघ्रहि दरभंगा सँ दिल्ली आ मुम्बई के मध्य उड़ान सेवा शुरू करत। श्री झा आइ दरभंगा मे संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह।

———————————————————————————

शारदीय नवरात्रक सातम दिन आइ माँ दुर्गाक कालरात्रि स्वरूपक पूजा—अर्चना विधि विधानक संग कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माता, दानव रक्तबीजक संहार करबाक लेल कालरात्रिक रूप धारण कयने छलीह। माँक एहि स्वरूपक पूजा कयला सँ डऽर आ नकारात्कम विचार सँ मुक्ति मिलैत अछि। प्रदेश मे विभिन्न स्थान पर आइ पूजा पंडाल सभ मे प्राण—प्रतिष्ठाक संग देवी प्रतिमा के पट दर्शन लेल खुजि गेल अछि। देवी प्रतिमाक दर्शनक लेल प्रदेशक कतेको मंदिर आ शक्तिपीठ सभ मे भक्तक भीड़ देखल जा रहल अछि।

———————————————————————————

झारखंडक पश्चिमी सिंहभूमक नक्सल प्रभावित जतरमा मे बिहारक तीन युवक कँ पीट—पीट कऽ हत्या कऽ देल गेल। पुलिसक मोताबिक सभ मृतक गाम मे रहि कऽ काज करैत छलाह। स्थानीय लोकसभ बकरी चोरीक आशंका मे एहि घटनाक अंजाम देलनि। आरोपी सभक गिरफ्तारीक लेल छापेमारी कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

पटनाक पॉक्सो अदालत नाबालिगक संग दुष्कर्मक मामिला मे दोषी विकास यादव के बीस वर्षक कारावास आ पचास हजार टाका अर्थदंडक सजा सुनौलनि अछि।

दरभंगा जिलाक बाढ़ि प्रभावित किरतपुर, गौड़ाबौराम, घनश्यामपुर आ कुशेश्वरस्थान पूर्वी प्रखंड मे तेइस ठाम सामुदायिक भनसाघर चलायल जा रहल अछि। संगहि, बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक लोकक आवागमनक लेल तिहत्तरि निःशुल्क नावक परिचालन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त